# IАКЪИКЪАТ ДЕР
## (ХЬАКЪИКЪАТ ДЕР)

**Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!**

**АллахIан къинхетам а, маршалла а хуьлда Цуьнан Элчанна**

**Мухьаммадна а, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а.**

### 1. **Iакъи́къат бохучуьнан маьIна хIун ду**?

Iакъикъат – Iаьрбийн маттахь «Iаккъа» бохучу дашахь схьадаьлла ду, цу дешан маьIна цхьа хIума хадор ду. Кхин а, Iаьрбийн маттахь «Iакъикъат» олу керла динчу беран коьрта тIера месех, хIунда аьлча дукха хан ялале уьш хадайой дIайоху дела.

Ткъа шарIехь «Iакъи́къат дер» бохучух лууш дерг – керла динчу берана тIера хьайба дер ду.

Вайн махкахь «хьакъи́къат» а олу цунах.

### 2. **Iакъикъатан хьукм хIун ду**?

Iакъикъат дер чIагIдина суннат ду. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – омру дина, беран ворхIолгIачу дийнахь цунна цIе а тилла, цуьнан корта дIа а баша, цунна тIера Iакъикъат а де аьлла.[1] Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Хьасанна а, Хьусайнна а тIера ша́ дийна а хилла иза.[2]

### 3. **Iакъикъат де́ран пайданаш а**, **хьекъале бахьанаш а хIун ду**?

Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: ***«ХIора бер шен Iакъикъатах доьзна ду. Цунна тIера иза доь цуьнан ворхIолгIачу дийнахь, (тIаккха) корта а бошу цуьнан, цIе а туьллу цунна»***.[3]

«ХIора бер шен Iакъикъатах доьзна ду» бохучу дешнийн маьIна Iелам-наха масийтта кепара дина, церах цхьадерг иштта ду:

- Нагахь санна и бер жима а долуш далар нислахь, цунна тIера Iакъикъат дийна ца хилахь цо тешалла дийр дац шен дена а, нанна а. Вуьшта аьлча, жималлехь деллачу беро шен дена-нанна шафаIат дар цунна тIера Iакъикъат дийна хиларх доьзна ду, Iакъикъат дийна хиллехь шафаIат дийр ду цо, ца хиллехь дийр дац.

- Бер массо баланех а, вонах а могуш-маьрша кхиар Iакъикъат дерах доьзна ду, Iакъикъат дийча маьрша кхуьур ду иза, хаза кхуьур ду, Iакъикъат ца дийча иштта ца кхиа мега.

- Ша санна долу кхидолу бераш санна и бер кхиар Iакъикъат дерах доьзна ду. Вуьшта аьлча, шена тIера Iакъикъат ца дийча, ша санна долу бераш санна ца кхиа мега и бер.

ТIаккха, Iакъикъат дерца и маьIнеш хиларал сов, кхин масийтта пайда а, хьекъале бахьана а ду цуьнца. Церах ду, масала:

1) Бер хилар а, иза зенах цIена дуьненчу далар а дена-нанна боккха кхаъ бу, цаьршинна дукха дезаш хIума а ду, АллахIа цаьршинна луш доккха ниIмат а ду. Иштта и бер шайна делла волчу АллахIана шукр дар а, Цуьнан доьхьа баркаллин Iамал йар а Цуьнца хаза гIиллакх хилар ду. Ткъа, «АллахIа доьхьа» аьлла ниййат а дина, Цуьнан цIе а йоккхуш, оцу берана тIера хьайба де́р – Цунна шукр дар а ду, Цо шайна дина ниIмат довзийтар а ду.

2) Iакъикъат ден а дийна, иза нахана дIасадекъча, керла дуьненчу даьлла бер нийса доьзалан бер дуй хуур ду,

цуьнан да-нана мила ду хуур ду, иза нийса цӀийнах схьадаьлла дуй хуур ду.

3) Іакъикъат де́ро́ адаман комаьршалла совйоккху, цуьнан сих ийна йолу сутаралла дӀайоккху.

4) Іакъикъат деро гергарчу нахана а, лулахошна а, доттагӀашна а юкъара гергарло чӀагӀдо, мискачу нехан дагчу хазахетар доуьйту; иштта, бусалба нахана юкъахь безам совбаларан бахьана хуьлу цунах.

### 4. **Іакъикъат ден везарг мила ву**? **Хьан ден деза иза**?

Берана тӀера Іакъикъат ден везарг оцу беран доладийриг ву, цунна напха латто везарг ву, иза кхаба дезарг ву. Уггар хьалха да ву иза, иза вацахь де-да ву, йа де-ваша ву, йа ваша ву, иштта кхидӀа а.

### 5. **Іакъикъат маца ден мега**? **Маца дийча дика ду**?

Іакъикъат ден магаран хан дӀайолало бер шен ненах дерриге дӀа ма-къаьсттинехь. Доьххьара бер дуьненчу до́луш, иза шен ненах дерриге дӀакъаьстина а даьлла дуьненчу даьлчи Іакъикъат ден мега.

Беран доладархочо Іакъикъат ден мегаш йолу хан и бер кхиъна даллалц ю. Вуьшта аьлча, кӀант пхийттара валлалц а, йоӀ ламазана цӀанйала езаш хуьлучу хене кхаччалц а ден мега иза цо.

Ткъа суннат дерг, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ма-аллара, Іакъикъат ворхӀолгӀачу дийнахь де́р ду: «… ***цуьнан ворхӀолгӀачу дийнахь доь иза цунна тӀера, тӀаккха корта дӀа а бошу цуьнан***». [4]

Бер дуьненчу даьлла долу де а оцу ворхӀ дийнах лоруш ду, цундела, Іуьйра хан хиллачул тӀаьхьа маьркӀижа хан хиллалц йолчу юкъахь бер дуьненчу да́лахь, и де доьххьара де лоруш ду. Нагахь санна бер буьйсанна дуьненчу даьллехь, доьххьара лара деза де цу буьйсанал тӀаьхьа догӀург ду.

### 6. **Буьсанна ден мегий Іакъикъат**?

Іакъикъат буьйсанна ден а мега, буьйсанна дийча а вон хӀума дац, делахь а, дийнахь дер гӀолий ду. Ткъа, дийнахь дуьйш хилча, уггар гӀолий йолу хан де дӀадолалуш йолу хан ю.

### 7. **Бер дуьненчу да́лале дийча нийса хуьлий Іакъикъат**?

Бер дуьненчу далале хьалха, йа иза дерриге шен ненах схьакъастале хьалха цунна тӀера хьайба дийча, иза Іакъикъат ца лору, цуьнан Іакъикъатан суннат тӀерадаьлла а ца лору.

### 8. **ВорхӀолгӀа де кхачале хьалха**, **йа кхаьчначул тӀаьхьа деллачу берана тӀера Іакъикъат ден мегий**?

Нагахь санна цхьа бер дуьненчу даьллачул тӀаьхьа далар нислахь, хуьлийла иза цуьнан ворхӀ де кхачале, йа кхаьчначул тӀаьхьа, цунна тӀера Іакъикъат дер дика лоруш ду, мелехь лоруш ду.

### 9. **ВорхӀолгӀачу дийнахь Іакъикъат ден таро яцахь хӀун дан деза**?

Іакъикъат ден таро йоццушехь иза де́н гӀертар тӀехь дац, вай доьххьара ма-аллара иза чӀагӀдина суннат ду, важиб дац. Цундела, шен таро хиллалц собар дийр ду шен хенахь иза де́н аьтту боцучо.

### 10. **Бер кхиъна даьллачул тӀаьхьа**, **иза пхийттара даьллачул тӀаьхьа**, **жималлехь цунна тӀера Іакъикъат дийна ца хиллехь**, **цо ша́ ден мегий иза шена тӀера**?

Мега. Жималлехь шена тӀера Іакъикъат дийна ца хиллехь, иза ша́ шена тӀера де́р дика лоруш ду.

### 11. **Іакъикъатана ден мегарг муьлха хьайба ду**?

Іакъикъатана ден мегаш долу хьайба йа уьстагӀ, йа бежана, йа эмкал ю. Юьйриг эмкал елахь, иза ялхолгӀачу шаре яьлла хила еза. Бежана дуьйш хилахь, иза ши шо а кхаьчна, кхоалгӀачу шаре даьлла хила деза. УьстагӀ буьйш хилахь, иза цхьа шо а кхаьчна, шолгӀачу шаре баьлла хила беза, йа шо кхачаза берг белахь берстина а болуш, хьалхара

церган охьаэгна хила беза.

Тlаккха, lакъикъат дер – гlурба дер санна – АллахIана герга вуьгучу некъех цхьа некъ бу, иза Цуьнан доьхьа дуьйш ду, цундела жижигана иэшам беш долу сакхташ хила мегар дац lакъикъатана а, гlурбанна дуьйчу хьайбанца. Цхьана бlаьргана са гуш доцу хьайба а мегар дац lакъикъатана, жижигана иэшам бен цамгар йолу хьайба а мегар дац, кхечерах къасточу кепара астагlа долу хьайба а мегар дац, дажа а ца дежаш цхьана метта хьийзаш долу хьайба а мегар дац, чlогlа аздалар бахьана долуш тlум дlаяьлла хьайба а мегар дац. Иштта оцу сакхташца дуста деза кхидолу сакхташ, жижигана иэшам а хуьлуьйтуш, аз а доьлуьйтуш долу. Лерган цхьа дакъа хадийна дерг а, йа дерриге лерг дlахадийна дерг а, лерг доцуш дуьненчу даьлларг а мегаш дац, дуьмах цхьа дакъа хадийнарг а, дум дlабаьккхинарг а, цlоганах цхьа дакъа хадийнарг а мегаш дац. Амма даьlна хьайба а, маlа кагйелла хьайба а, дум а, шим а боцуш дуьненчу даьлла хьайба а – уьш мегаш ду.

12. **Котам а, бад а е́н мегий lакъикъатана?**

lакъикъатана де́н мегаш долу хьайба гlурбанна мегаш дерриг бен дац, цундела котам а, бад а, кхийолу хlуманаш а lакъикъатана е́р нийса дац, йа цунах lакъикъат хуьлуш а дац. lакъикъатана мегаш долу хьайба де́н таро йоцучунна lакъикъат де́р суннат дац, иштачунна и суннат тlера долуш ду, шен таро хиллалц ца де́н а мегаш ду иза.

13. **lакъикъатана дуьйш долу хьайба стен хилча а, борша хилча а башхула юй?**

Башхула яц. Шена луучо ка бе́н а мегар ду, шена луучо жий бе́н а мегар ду. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: ***«Кlантана тlера ши уьстагl боь, йоlана тlера цхьаъ боь. Башхула яц шуна, уьстагlий кой хилча а, жий хилча а»***.[5]

Нагахь санна берстина а, дика а белахь, ка бийча гlолий ду.[6]

14. **Кlантана а, йоlана а тlера цхьатерра доьй lакъикъат?**

lакъикъатана цхьа уьстагl бийча суннат кхочуш хуьлу, кlантана тlера буьйш белахь а, йоlана тlера буьйш белахь а. Ибн lаббаса – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – lакъикъат дийра Хьасанна а, Хьусайнна а тlера цхьаьцца уьстагl».[7]

Делахь а, гlолий а, деза а, мелехь а дерг божаберана тlера ши уьстагl бер ду, зудаберана тlера цхьаъ бер ду.

lаишата – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шайна омру дира аьлла: ***«Кlантана тlера цхьатерра ши уьстагl бе, йоlана тlера цхьа уьстагl бе»***.[8]

15. **Масийтта берана тlера цхьа уьстагl бийча тоьаш дуй?**

Масех берана тlера цхьа уьстагl бийча lакъикъатан суннат кхачаме ца хуьлу, тоаме ца хуьлу. Муххале а, суннат дерг – хlора берана шена-шена тlера lакъикъат дер ду. Масала, дуьненчу даьлларг шала дина йоl-кlант делахь, уггар деза дерг кхо уьстагl бер ду: кlантана тlера шиъ, йоlана тlера цхьаъ; делахь а суннат кхочуш хуьлу цаьршинна тlера цхьаьцца буйьш ши уьстагl бийча а.

16. **lакъикъатана юьйш ерг эмкал, йа бежана хилча, цхьана берана тlера мас да́къа тоьаш ду?**

Гlурба дуьйчу хенахь санна, цхьанна тlера ворхlолгlа дакъа лара деза. Масала, ворхl стага шайна юкъахь бежана доьйтуш хилча, lакъикъат ден луург цаьрца декъах а вахана, цуьнан цхьа дакъа lакъикъатана лерича мегаш ду, йа ворхl берана тlера цхьа бежана дийча а мегаш ду.

17. **lакъикъатана а, гlурбанна а цхьа уьстагl бийча тоам буй?**

lакъикъатана а, гlурбанна а юкъахь цхьа хьайба дийча и ши суннат кхочуш ца хуьлу, хlунда аьлча и шиъ къаьстина ши суннат долу дела, хlоранне а шен-шен бахьана а долуш. Цундела, lакъикъатана а, гlурбанна а цхьа уьстагl бийча тоам бац. Шен аьтту белахь lакъикъатана къаьсттина шен хьайба ден деза, гlурбанна къаьсттина шен хьайба ден деза.

**18. Iакъикъатана хьайба а ца дуьйш, цуьнан меттана цуьнан мах дIабалар муха ду?**

Iакъикъатана хьайба дер гIолий а, деза а, мелехь а ду, хIунда аьлча иштта хьайбанна урс хьакхарца мах дIабаларца дóцу дуккха а пайданаш ду. Кхин хIумма а ца хилча а, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ша шен куьйга урс хьоккхуш Iакъикъат дийна хилар а, цуьнан и суннат даим латтор а, иза дендар а тоам болуш ду Iакъикъатана мах дIа а ца луш, хьайба дийча гIолий хиларна.[9] Имам Нававийс аьлла: «Iакъикъатан мах дIабаларал гIолий ду хьайбанна урс хьакхар».[10]

**19. Iакъикъат доьйтург вехаш волчу махкахь а доцуш, кхечу махкахь дейта мегий цо иза?**

Мега. Масала, Iакъикъат доьйтург европера цхьана пачхьалкхехь ву, йа Iаьрбийн цхьана махкахь ву, тIаккха шен беран Iакъикъат нохчийчохь дейта лаьа цунна – цунна мегаш ду нохчийчохь цхьаъ векал а вина, Iакъикъат ден цунна пурба а делла, цигахь иза дéйта.

**20. ВорхIолгIачу дийнахь доьххьара Iакъикъат дийча гIолий ду, йа беран корта баьшча гIолий ду?**

ГIолий дерг, дика дерг – цкъа доьххьара берана тIера Iакъикъат а дийна, тIаккха корта башар ду.

Iаишата – Дела реза хуьлда цунна – дийцина хIара хьадис: «Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Iакъикъат дийра Хьасанна а, Хьусайнна а тIера цаьршинан ворхIолгIачу дийнахь, цаьршинна цIе а тиллира цо, цаьршинан коьрта тIера зене месаш дIаяха а элира».[11] Кхечу хьадисехь а деана ду: «... ***цуьнан ворхIолгIачу дийнахь доь иза цунна тIера, тIаккха корта дIа а бошу цуьнан***».[12]

**21. Iакъикъат дуьйш волчо ниййат муха дан деза? ХIун ала деза цо?**

Iакъикъат дуьйш волчуьнан, «оцу берана тIера Iакъикъатана и хьайба ден» аьлла лаам хила беза дагчохь. Вуьшта аьлча, Iакъикъат ден ниййат хила деза цуьнан.

ТIаккха, ша урс хьоккхучу хенахь хIара дешнаш алар дика ду:

"...... **بسم الله**! **اللهم منك وإليك، هذه عقيقة**"

«БисмиллáхI! Аллóхlумма минка ва илайка. ХIáзихIй Iакъи́къату ...... ». Цу дешний маьIна иштта ду, Iаьрбийн маттахь уьш ала ца хууччо хIара маьIна ала а мегар ду: «АллахIан цIарца! Йа АллахI, хIара хьенехан Iакъикъат ду, хIара Хьан доьхьа а ду, Хьоьга а ду!». Iаьрбийн маттахь долчу дешнийн чаккхенехь хIиттийначу тIадамийн меттана а, хьенехан дешан меттана а шена тIера Iакъикъат дуьйш долчу беран цIе йоккхур ю, йа цуьнан де цIе а яькхина – «хьенехан кIентан (йа йоьIан) Iакъикъат ду» – эр ду.

Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: «Аш ала: ***АллахIан цIарца! АллахI сов воккха ву! ХIара (Iакъикъат йа АллахI) Хьан доьхьа а ду, Хьоьга а ду!»***.

Нагахь санна вицвелла, йа цхьана кхечу бахьанийна Дела цIе ца яккхахь, йа и дешнаш алар ца нислахь, Iакъикъат нийса а ду, даа мегаш а ду.

**22. Iакъикъатана дийначу хьайбанан цIий берана юьхь тIе а, дегIа тIе а хьакхар муха ду?**

Iакъикъатана дийначу хьайбанан цIий берана тIе хьакхар дика хIума дац, иза дан оьшуш дац, дуккхах болчу Iеламнаха дика лоруш а дац.

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: ***"КIантана тIера Iакъикъат доь, цуьнан коьрта тIе (оцу Iакъикъатан) цIий а ца хьокху"***.[13] Кхечу хьадисехь а деана ду, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – беран коьртах цIий хьакхар ца магийна аьлла.[14] Iаишата – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, бусалба дин дáлé хьалха, Iакъикъатан цIий юккъе бамба а Iуттий, иза беран коьрта тIе хьоккхуш хиллера аьлла. ТIаккха, бусалба дин деъча, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цIий меттана IатIар хьакха

элира.[15]

### 23. Іакъикъатана дийначу хьайбанах хІун дан деза?

Іакъикъатана дийначу хьайбанна гІурбанна дийначуьнах дийрриг дан деза.

Іакъикъат дейтинчара шайна луъучул шайна дита мегаш ду цуьнан жижиг, нагахь санна цунах цхьадерг сагІийна дІалур делахь. Ткъа деза а, мелехь а дерг дуккхах дерг сагІийна дІададалар ду, цуьнан беркатан дакъа шена а кхачийтархьама цхьа кІеззиг долу дакъа шена а дитина.

Шена лаахь, иза кхаа декъе декъа а декъна, цхьа дакъа шена дита а, важа дакъа мискачарна сагІийна дала а, важадерг шена бевзачарна а, лулахошна а, гергарчарна а дала а мегар ду цо, хІара тІаьххьаранаш миска бацахь а. Мискачарна сагІийна делларг шайна лаахь дохка а, шайна луъург дан а йиш ю церан цунах, ткъа хьолахошна делларг – иза царна даа делла ду, сагІийна делла дац, цундела цара иза дохка мегар дац.

ТІаккха, ша дІалуш долу жижиг кхехка а дина делча дика ду, делахь а буьйда долуш дала а мегаш ду.

ТІаккха, цуьнан жижиг нахана дІасадалар дика ду, шена лаахь нах шен хІусаме схьа а кхайкхина, цунах йина яахІума йала а мегаш ду. Иштта мегаш ду цхьадерг дІасадала а, цхьадолчунах яахІума а йина шен хІусаме нах схьакхайкхха а.

Кхин а, шена тІера Іакъикъат дийна долу бер дуьненчу долучу хенахь иза схьаэцначу лоьрана уьстагІан гІогІ йа тІа далар дика ду, нагахь санна иза тІекхочехь елахь.

### 24. Іакъикъатан цІока а, и санна долу кхидолу да́къош а дохка мегий?

Ца мега, Іакъикъатан цхьаъа да́къа дохка ца мега, йа цунна урс хьаькхначунна механа дала а ца мега. Шена лаахь сагІийна йала мегар ду цуьнан цІока а, цуьнан кхидолу да́къош а, йа шена лаахь шена пайденна йита а мегар ду.

---

[1] Тирмизий.

[2] Абу Давуд.

[3] Ахьмад, Абу Давуд, Тирмизий, Насаий, Ибн МаджахІ.

[4] Хьажа: "ТІорхьут-Тасри́б", 6\97; "Фатхьул-Ба́ри́", 9\596; "Файдул-Къоди́р", 4\546.

[5] Абу Давуд, Тирмизий, Насаий.

[6] «ТІорхьут-Тасри́б», 6/99, Хьафиз Ал-Іиро́къий; «Ахькамул-ІакъикъахІ», 21, Шейх Хьуса́муд-Ди́н Іаффа́нахІ.

[7] Абу Давуд.

[8] Тирмизий.

[9] «Ахькамул-ІакъикъахІ», 22, Шейх Хьуса́муд-Ди́н Іаффа́нахІ.

[10] Имам Ан-Нававий, «Ал-Маджму́І», 8/433.

[11] Хьаким.

[12] Хьажа: "ТІорхьут-Тасри́б", 6\97; "Фатхьул-Ба́ри́", 9\596; "Файдул-Къоди́р", 4\546.

[13] Ибн МаджахІ.

[14] "Фатхьул-Ба́ри́", 9\594.

[15] Ибн Хьиббан, БайхІакъий.